

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Maca nya éta hiji prosés anu dilakukeun jeung digunakeun ku nu maca pikeun meunangkeun pesen anu rék ditepikeun ku panulis ngaliwatan média lisan atawa tulisan (Tarigan, 2008:7).

Dumasar pamadegan di luhur, maca téh mangrupa komponén dina kaparigelan basa nu kudu dihontal ku siswa. Maca ogé mangrupa prosés obahna wujud tinulis kana wujud harti. Ku kituna maca mangrupa bagian tina kaparigelan basa nu miboga sifat reseptif (narima).

Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2008:89), ditétélakeun yén artikel mangrupa karya tulis dina majalah, *surat kabar*, jeung sajabana. Ari numutkeun Baru (2011), artikel nya éta karangan prosa dina media masa nu ngabahas hiji hal nu sabenerna, ku kituna artikel mah eusina kudu bener jeung aktual, cara nulisna rapih, sarta teu pati réa kekecapanna (saeutik tapi pepel). Ku kituna, artikel dihartikeun salaku hiji karangan dina majalah atawa surat kabar nu ngabahas hiji hal nu aktual ngagunakeun basa nu merenah jeung hampang atawa énténg pikeun dibaca.

Tina hal pedaran di luhur, maca artikel mangrupa kaparigelan basa pikeun maca hiji karangan dina majalah atawa surat kabar nu ngabahas hiji hal nu aktual ngagunakeun basa nu merenah jeung hampang/énténg pikeun dibaca.

Kaparigelan maca mibanda peranan penting dina widang atikan, saperti halna katitén dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) SMA kelas XII Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) pangajaran basa Sunda, aspék nu kudu dihontalna nya éta siswa mampuh maca pikeun nyangkem jeung ngoméntaran bacaan nu mangrupa artikel, carita buhun, jeung pedaran.

Dumasar kana SKKD di luhur tétéla kaparigelan maca téh diajarkeun ngaliwatan aspék kabasaan. Aspék kabasaan nu nyangkaruk dina standar kompetensi maca téh salah sahijina nya éta siswa mampuh maca artikel budaya.

Dumasar hasil panalungtikan awal di kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung, dina mata palajaran basa Sunda, kungsi diajarkeun matéri maca artikel. Maca artikel téh mangrupa matéri anu kudu dicangking ku siswa salaku kagiatan nu sifatna réprésif, hartina siswa ngan saukur maca téks nu geus aya kalawan daria nepi ka ahirna kudu maham eusi wacana nu dibacana. Tina hasil évaluasi nu dilaksanakeun kabuktian yén maca pamahaman artikel téh masih dianggap hésé. Ieu hal kapaluruh tina loba kénéh siswa anu teu maham naon eusi artikel nu dibacana.

Pangajaran maca artikel nu dilaksanakeun téh dianggap ku siswa téh masih kénéh monoton (teu ramé). Ieu hal disababkeun kurangna variasi tur ide kréatif anu dilakukeun ku guru dina nepikeun bahan pangajaran. Méthode nu biasa digunakeun ku guru biasana modél ceramah jeung démonstrasi (konvénsional).

Modél konvénsional lain modél nu kurang hadé pikeun diterapkeun di sakola, tapi dina ieu hal guru ngan saukur nitah siswa maca artikel, sedengkeun murid nu lianna mah ngan saukur ngaregepkeun. Kagiatan siswa ngaregepkeun bacaan artikel téh teu salawasna optimal, aya siswa nu heureuy, nu teu ngaregepkeun sacara maksimal, nu antukna ngabalukarkeun leungitna konséntrasi ngaregepkeun. Guru ogé teu salawasna niténan sarta merhatikeun siswa. Modél konvénsional nu dilakukeun ku guru ogé mangaruhan kana hasil diajar siswa. Ieu hal bisa katitén tina hasil Ujian Akhir Semester (UAS) semester ganjil di MA Yasify saperti dina tabél ieu di handap.

Tabél 1.1
Peunteun UAS Basa Sunda Kelas XII
Semester Ganjil Taun Ajaran 2012/2013

No.	Peunteun	Jumlah Siswa	Perséntase (%)
1.	90 – 100	0	0
2.	80 – 89	2	10
3.	75– 79	1	5
4.	<75	17	85
Jumlah		20	100

Dumasar tabél di luhur, bisa katitén kumaha hasil diajar siswa salila kagiatan pangajaran di kelas XII-IPS nepi ka UAS semester ganjil taun ajaran

2012/2013. Nilai anu dipintonkeun di luhur téh di jerona nyampak ogé hasil tina matéri ngeunaan maca artikel. Awalna mah maca artikel téh disawang salaku pangajaran anu dianggap gampang, lantaran ngan saukur maca hiji conto artikel anu geus disadiakeun. Tapi dina émprona mah geuningan réa kénéh siswa anu can mampuh pikeun ngalakukeunana.

Dumasar tina hasil paniténan jeung réfléksi pangajaran pra-panalungtikan nu geus dilakukeun, masalahna nya éta: 1) prosés pangajaran nu teu sistematis, kagiatan pangajaran karasa uclak-aclok (teu ngaguluyur), (2) hasil diajar siswa anu teu saluyu jeung harepan, guru nu masih ngagunakeun métode pangajaran nu teu museur ka siswa nepi ka ngan 15% siswa nu ngahontal KKM nu geus ditetepkeun (75), jeung (3) suasana diajar nu teu éféktif, réa siswa nu teu saregep (heureuy), fasif, kurang kreatif, jeung kurang inovatif dina prakna diajar.

Tina pasualan-pasualan di luhur, disawang kudu aya tarékah sangkan pangajaran maca artikel téh bisa leuwih ngaronjat sarta dipikaresep ku siswa. Nu jadi pasualan dina ieu hal nya éta métode (cara) pikeun ngajarkeunana ka siswa nu salila ieu mah lir ibarat ngeusian keretas kosong hungkul, kudu robah *oriéntasina*. Prosés diajar anu dilakukeun ku siswa ilaharna kawatesanan ngan saukur nyangkem matéri pangajaran atawa nambahanana pangaweruh minangka bahan ujian atawa tés. Padahal dina tungtutan KTSP kiwari, siswa dipiharep bisa ngahontal kompetensi, nya éta adumanisna pangaweruh, sikep, jeung kaparigelan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Saperti halna anu dijelaskeun ku McAshan dina Mulyasa (2005: 45) yén kompetensi téh nya éta ‘... *a knowledge, skills, and abilities or capabilities that a person achieves, which became part of his or her being to the extent he or she can satisfactorily perform particular cognitive, affective, and pshycomotor behaviors*’. Hartina kompetensi téh mangrupa pangaweruh, kaparigelan jeung kamampuh atawa kapabilitas anu dipibanda ku hiji jalma anu geus mangrupa bagian tina dirina, nepi ka ngawarnaan paripolah kognitif, aféktif, jeung psikomotorikna.

Tina pamadegan di luhur, jelas pisan yén kompetensi lain ngan saukur akumulasi tina sajumlahing pangaweruh, tapi mangrupa kamekaran sikep jeung

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

kaparigelan anu kagambar dina paripolah kahirupanana. Ieu parobahan téh sagemlengna gumulung dina wangun jeung prosés pendidikan (Nugraha, 2011: 4).

Dina ngajarkeun maca artikel ka siswa kudu didadasaran ogé ku tilu aspék tadi, nya éta: aspék kognitif, aféktif, jeung psikomotorik. Aspék kognitif dina pangajaran maca artikel diarahkeun kana tes nu aya patalina jeung pamahaman kana eusi artikel. Aspék aféktif ngawengku réspóns, aprésiasi, meunteun, jeung gawé bareng jeung babaturan sakelompokna. Ari aspék psikomotor, diarahkeun pikeun latihan maca pamahaman nepi ka siswa bisa nyangkem eusi éta artikel.

Dumasar pedaran di luhur, dirasa perlu ayana modél pangajaran anu disawang bisa ngungkulan pasualan nu keur karandapan jeung ngahontal aspék kognitif, aféktif, jeung psikomotor nya éta modél pangajaran kooperatif tipe *Round Table*.

Modél pangajaran kooperatif tipe *Round Table* anu satuluyna disingget jadi KTRT téh dipercaya bisa ngarojong siswa sangkan leuwih hadé dina nyangkem bahan pangajaran. Ieu hal téh katiten tina cara ieu modél anu meredih siswa sangkan gawé babarengan, silih béjaan pamanggih tur sawanganna séwang-séwangan (Lie, 2008:63).

Dipilihna modél pangajaran KTRT dina ieu panalungtikan, lantaran ieu modél téh mibanda cara-cara nu disawang hadé pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca artikel, hususna maca pemahaman (*comprehensive reading*). Sakumaha nu diébréhkeun ku Lie (2008:62) yén cara-cara pangajaran KTRT téh nya éta (1) salah saurang siswa tina masing-masing kelompok ngamimitian ku méré sawangan jeung pamadegan ngeunaan pancén nu keur dipigawé, (2) siswa nu satuluyna ogé milu méré sawangan; jeung (3) giliran méré sawangan bisa dilakukeun saluyu jeung arah muterna jarum jam. Ngaliwatan kagiatan pangajaran dumasar kana éta cara-cara, parasiswa sacara teu langsung dipaksa pikeun manggihan eusi artikel sacara gembleg jeung bener tur ngoméan kana kasalahan babaturannana ku cara méré sawangan ku sabab kurang nyangkem kana eusi artikel.

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Aya sababaraha panalungtikan nu geus ngalarapkeun modél KTRT dina kagiatan pangajaran, di antarana nu kungsi ditalungtik ku Intan Nurlaelah (2011) anu judulna “Model Pembelajaran Kooperatif Melalui Strategi *Round Table* sebagai Salah Satu Teknik untuk Meningkatkan Kemampuan Membaca Pemahaman”, Astri Srigustini (2012) anu judulna “Studi Komparatif Penggunaan Model Cooperative Learning Teknik *Numbered Heads Together* (NHT) dan *Round Table* Terhadap Kemampuan Berpikir Kritis Siswa Pada Mata Pelajaran Ekonomi: Studi Komparatif Pada Siswa Kelas XI IPS di SMA Negeri 1 Singaparna” jeung Deni Kardiman (2011) nu judulna “Studi Komparasi Hasil Belajar Siswa Pada Mata Pelajaran Dasar Kompetensi Kejuruan Teknik Mesin (DKKTM) antara Siswa yang Mendapat Model Pembelajaran Kooperatif Tipe *Round Table* dengan Model Pembelajaran Klasikal”. Dumasar hasil panalungtikanna, hasil pangajaran siswa ngaliwatan modél pangajaran KTRT ngaronjat sacara signifikan.

Ku kituna, panalungtik kairut pikeun nalungtik modél pangajaran KTRT dina ieu pangajaran maca artikel. Panalungtik miharep ku dilarapkeunana model pangajaran KTRT, guru jeung murid bisa leuwih kamotivasi dina diajarna, hususna dina pangajaran maca artikel anu bisa ngaronjatkeun kualitas, prosés, jeung hasil pangajaran nu hadé.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtik ngarasa perlu ngayakeun panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Round Table* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Artikel (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung Taun Ajaran 2012-2013).

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Aya dua hal nu diguar dumasar kasang tukang di luhur nya éta idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah panalungtikan.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, katitén aya sababaraha pasualan nu karandapan dina ieu panalungtikan. Hasil identifikasina, kapaluruh pasualan-pasualan nu karandapan, di antarana: (1) prosés pangajaran nu teu sistematis, kagiatan pangajaran karasa uclak-aclok (teu ngaguluyur), (2) hasil diajar siswa anu teu saluyu jeung harepan, guru nu masih ngagunakeun metode pangajaran nu teu museur ka siswa nepi ka ngan 15% siswa nu ngahontal KKM nu geus ditetepkeun (75), jeung (3) suasana diajar nu teu éféktif, réa siswa nu teu saregep (heureuy), fasif, kurang kreatif, jeung kurang inovatif dina prakna diajar.

Pasualan-pasualan nu kaidentifikasi di luhur satuluyna dianalisis pikeun nangtukeun fokus pasualanana. Dina réfléksi awal, kapaluruh aya dua pasualan utama dina ieu panalungtikan, nya éta pasualan siswa nu teu bisa maham materi jeung eusi artikel, jeung metode pangajaran nu can bisa ngatur (*mengemas*) sistematika pangajaran, ngaronjatkeun hasil diajar, jeung nyiptakeun suasana diajar nu PAKEM (*Pembelajaran aktif, kreatif, efektif, dan menyenangkan*).

Tina éta analisis, kapaluruh yén diperlukeunana metode pangajaran nu bisa ngungkulan pasualan pangajaran maca artikel. Dumasar karakteristik pasualan nu karandapan, panalungtik netepkeun modél KTRT pikeun ngungkulan pasualan nu karandapan. Dina implementasina, metode KTRT dipuseurkeun pikeun jadi pangaping (pituduh) dina prosés pangajaran, ngaronjatkeun hasil diajar, jeung nyiptakeun pangajaran nu PAKEM.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, aya sababaraha hal anu kudu ditalungtik. Éta masalah téh dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha prosés ngajarkeun maca artikel ka siswa Kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung Taun Ajaran 2012/2013 ngagunakeun modél KTRT?
- 2) Naha modél KTRT bisa ngaronjatkeun hasil diajar maca artikel ka siswa Kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung Taun Ajaran 2012 – 2013 ?

- 3) Naha modél KTRT bisa nyiptakeun suasana diajar maca artikel anu PAKEM (*Pembelajaran Aktif, Kréatif, Éfektif, dan Menyenangkan*) pikeun siswa Kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung Taun Ajaran 2012 - 2013?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sangkan ieu panalungtikan téh museur, sacara jéntré ieu panalungtikan mibanda dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta méré salah sahiji alternatif pikeun ngaronjatkeun kualitas kagiatan pangajaran basa Sunda di sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh hayang ngadeskripsikeun:

- 1) prosés ngajarkeun maca artikel ka siswa kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung Taun Ajaran 2012/2013 ngagunakeun modél KTRT;
- 2) modél KTRT bisa ngaronjatkeun hasil diajar maca artikel ka siswa Kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung Taun Ajaran 2012/2013; jeung
- 3) modél KTRT bisa nyiptakeun suasana diajar maca artikel anu PAKEM (*Pembelajaran Aktif, Éfektif dan Menyenangkan*) pikeun siswa Kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Tina hasil ieu panalungtikan dipiharep mibanda mangpaat, ieu mangpaat bisa dijembarkeun kana dua bagian, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Mangpaat teoritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nimukeun jeung ngabuktikeun alternatif anyar ngeunaan prosés pangajaran maca artikel jeung ngeuyeuban deui modél-modél pangajaran nu geus aya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

1) Pikeun siswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun minat maca siswa jeung jadi pangalaman nu hadé dina nyangkem jeung ngoméntaran eusi artikel.

2) Pikeun guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pangdeudeul dina maké modél pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa jeung ngaronjatkeun kualitas pangajaran.

3) Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina maca artikel ngagunakeun modél KTRT.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Eusi ieu skripsi kabéhanana ngawengku lima bab, anu dijerona ngébréhkeun ngeunaan penjelasan-penjelasan anu sistematis dumasar kana maksud judul bab anu didadarkeunana. Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung struktur organisasi skripsi. Dina bab II dipedar ngeunaan modél koperatif tipe *round table* (KTRT), pangajaran maca artikel, modél KTRT dina pangajaran maca artikel, raraga mikir, jeung hipotésis tindakan. Dina bab III dipedar ngeunaan lokasi jeung subjék panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, définisi operasional, instrumén panalungtikan, prosés mekarkeun instrumén, téknik ngumpulkeun data, analisis data, jeung prosédur panalungtikan. Dina bab IV dipedar ngeunaan prosés pangajaran maca artikel ngagunakeun KTRT, hasil diajar maca artikel ngagunakeun KTRT, jeung suasana

diajar maca artikel ngagunakeun KTRT. Ari dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan jeung rékomendasi.

